

Kesyon popilè ki poze sou edan nan swen konplèks

1. Kisa yon sèvis edan nan swen konplèks ye?

Sèvis Edan nan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA) se sèvis inik pou manm MassHealth ki satisfè egzijans nesite medikal pou resevwa sèvis Swen enfimye kalifye kontini (Continuous Skilled Nursing, CSN). Kalite sèvis sa a founi plis soutyen pou manm Jesyon ka kominotè (Community Case Management, CCM). Li ofri tou yon mezi pou peye edan yo pou swen espesyalize yo bay manm MassHealth ki gen estati medikal konplèks. Sèvis sa pa pran plas sèvis CSN yo. Sèvis CCA yo konpleman sèvis CSN yo e founi yon opsyon swen siplemantè. CCA travay nan yon ajans CSN. Yo ka fè sèvis ki pi espesyalize pase yon Edan pou swen lakay (home health aide, HHA).

2. Kiyès ki ka resevwa sèvis CCA yo?

Manm MassHealth ki kalifye pou sèvis CSN ka resevwa sèvis CCA. Tout manm CCM admisib pou sèvis CCA, men se pou sèvis yo pa an doub ak lòt sèvis yo resevwa. Sèvis sa yo pa obligatwa pou manm CCM e fanmi yo.

3. Kiyès ki ka founi sèvis CCA?

Moun ki ka founi sèvis CCA se moun yon ajans CSN angaje pou founi sèvis sa yo. CCA ka fanmi, ki gendwa se paran, epou oubyen epouz, e gadò ofisyèl. Moun ki pa fanmi, sa gen ladan zanmi, vwazen, oubyen moun ki pa gen koneksyon ak manm CCM lan, ka yon CCA tou.

Manm ka sèlman resevwa sèvis CCA nan men ajans CSN yo. Se pa tout ajans CSN ki gendwa founi sèvis CCA, e pa oblije ofri yo nonplis. MassHealth gen yon lis ajans CSN ki founi sèvis CCA ki make nan sit wèb MassHealth CCM la [mass.gov/info-details/agencies-providing-csn-services](https://www.mass.gov/info-details/agencies-providing-csn-services). Manadjè klinik CCM yo gen yon lis tou yo ka bay fanmi yo.

4. Ki diferans ki gen ant yon edan pou swen konplèk, yon edan pou swen lakay (Home health aide), e yon edan pou swen pèsònèl?

Definisyon e tablo ki annapre la dekri diferans ki gen ant twa kalite sèvis sa yo.

Ki kalite sèvis	Sèvis swen	Fòmasyon	Sipèvizyon
Edan nan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA)	ADL, sèvis segondè, e sèvis swen ki amelyore	Dwe satisfè kondisyon pou fòmasyon/konpetans antan yon èd pou swen lakay (Home health aide) e fini pwogram fòmasyon e konpetans sou sèvis swen amelyore (pandan omwen 10 èdtan). Sa gen ladan opsyon pou yon evalyasyon sou konpetans olye fòmasyon pou toude kalifikasyon edan pou swen lakay e fòmasyon pou sèvis swen ki amelyore.	Chak 14 jou, avèk opsyon pou yon sipèvizyon vityèl. Chak 60 jou evalyasyon sipèvizè an pèsòn avèk CCA a.

Ki kalite sèvis	Sèvis swen	Fòmasyon	Sipèvizyon
Edan pou swen lakay (HHA)	ADL, sèvis segondè	Dwe satisfè kalifikasyon edan pou swen lakay (Home health aide) (Swa fòmasyon pou 75 è, CNA, oubyen fini yon evalyasyon sou konpetans.)	Chak 14 jou si ap resevwa swen espesyalize nan men ajans lan. Chak 60 jou si ajans lan sèlman founi sèvis edan pou swen lakay.
Edan nan swen pèsònèl (PCA)	ADL e IADL	fòmasyon administratif pou 4 èdtan	Okenn sipèvizyon - sa se yon pwogram kliyan an dirije.

Aktivite lavi kotidyen (Activities of Daily Living, ADL). Sa yo se aktivite ki an rapò ak swen pèsònèl. Sitou benyen, fè twalèt, abiye, watè/kontinans, transfè/mache, e alimantasyon.

Aktivite enstrimantal nan lavi kotidyen (Instrumental activities of daily living, IADL). Sa yo se aktivite ki enpòtan pou okipe sante manm lan e se yon PCA ki okipe sa. Sa yo se preparasyon repa e netwaye, fè menaj, fè lesiv, acha, antretyen ekipman medikal, transpò kay doktè, e ranpli dokiman.

Sèvis segondè. Yo se sèvis siplemantè ki gendwa nesèsè lè ADL ap fèt (pa egzanp, fè ti menaj, pare yon repa, jete fatra).

Sèvis swen ki amelyore. Sa yo se yon seri sèvis presi CCA ka founi. Pou plis detay, konsilte tanpri kesyon nimewo sèt.

5. Èske yon paran ka gen plizyè wòl nan menm lè? Pa egzanp, HHA, CCA, PCA (edan pou swen pèsònèl) (pa gadò), e enfimye (si l gen lisans)?

Yon paran ka gen plizyè wòl nan founi sèvis. Yo pa ka founi toude sèvis yo nan menm lè.

6. Kisa yon CCA ka fè?

CCA ka founi "sèvis pou swen pèsònèl" ki gen nan yo menm sèvis yon HHA ka founi. CCA ka fè tou "sèvis amelyore" ki pa bezwen okenn ekspètiz, jijman, oubyen evalyasyon yon enfimye. Gen nan sèvis sa yo:

- **Alimantasyon enteral nan sonm G/sonm J.** Sa gen ladan mizanplas e sispann ponp lan e/oubyen administre alimantasyon bolis; pa gen ladan chanje oubyen ranplase ekipman an.
- **Swen po, sa gen ladan aplike pwodui OTC oubyen swen òdinè sonm G/sonm J yo.** Sa gen ladan aplikasyon pwodui san medikaman ki vann san preskripsyon oubyen swen òdinè sonm G/sonm J; swen nesèsè pou stoma; oubyen chanjman senp pou pansman ki pa bezwen medikaman, ki medikamante, oubyen ki yon pansman espesyalize.
- **Terapi oksijèn.** CCA a ede ranplase tib oksijèn lan oubyen kanil nen an e regle oksijèn lan dapre debi ki preskri a depi swen an pa poutèt yon evènman respiratwa ki bezwen jijman e evalyasyon yon enfimye.

- **Aspirasyon nan bouch (dantè) pou retire sekresyon oral ki sipèfisyèl.** Sa gen ladan aspirasyon sekresyon sipèfisyèl nan kavite bouch la, e mizanplas e netwayaj aparèy aspirasyon an.
- **Swen stomi e katetè a.** CCA a vide e chanje sak stomi an oubyen aparèy pou prelevman irinè yo e l netwaye po a lè l pa nesèsè pou founi swen po, anrejistre, obsève oubyen fè yon rapò. Sa pa gen ladan ranplasman katetè yo.
- **Preparasyon repa modifiye.** CCA pare repa ki pa bezwen yon efimye pou administre l. Sa gendwa se chanjman nan konsistans repa a selon direktiv yo.
- **Jesyon e antretyen ekipman yo.** Sa gen ladan chèz woulant, CPAP/BiPAP, e ekipman pou oksijèn e swen respiratwa. CCA founi netwayaj e siveyans senp. Yo siyale tou nenpòt pwoblèm ekipman yo genyen bay yon enfimye sipèvizè e bay ajans CSN lan, sa gen ladan dokimantasyon asosye ajans lan.
- **Mete e retire aparèy òtopedik, atèl, e/oubyen chosèt presyon.**
- **Transpò nan biwo founisè medikal oubyen nan famasi** (nan kondui manm lan oubyen ale san manm lan).

7. Kisa pou m fè pou m ka yon CCA?

Pou w ka yon CCA pou yon fanmi, se pou w

- mande manadjè klinik CCM ou an pou yon evalyasyon sou sèvis CCA yo pou manm CCM lan;
- idantifye yon ajans CSN k ap angaje w kòm yon CCA;
- fini fòmasyon ki obligatwa a e /oubyen evalyasyon sou konpetans CCA yo;
- fini tout dokimantasyon sipleman tè sou anbochaj ajans CSN lan; e
- Suiv tout kondisyon ajans lan sou dokimantasyon, entegrasyon, anplwa, etc.

Konnen tanpri: Kondisyon pou anboche e entegrasyon yo gendwa diferan nan chak ajans. Y ap siman egzije yon fòmasyon estanda pou anplwaye, verifikasyon antesedan, e ranpli dokiman enpòtan sou taks, pami lòt dokimantasyon. Edan nan swen konplèks dwe satsifè menm egzijans ak tout lòt anplwaye ajans lan.

8. Ki kondisyon pou sa ki konsène fòmasyon pou CCA yo?

Ou dwe fini fòmasyon sou konpetans e/oubyen kondisyon pou evalyasyon sou konpetans ki tabli nan règleman MassHealth e [CSN Agency Provider Bulletin 13](#). Ajans CSN lan ki angaje w ap di w ki fòmasyon presi li yo e pwosesis evalyasyon li yo. Chak ajans gendwa gen yon pwosesis ki pa toutafè menm, men li dwe respekte règleman MassHealth yo, jan sa dekri annapre a.

- Yon CCA dwe satisfè kondisyon pou fòmasyon e konpetans yon edan pou swen lakay (home health aide). Sa gendwa se:
 - reyisi yon fòmasyon pandan 75 èt et yon evalyasyon sou konpetans; oubyen
 - fè yon evalyasyon sou konpetans; oubyen
 - se yon enfimye oksilyè sètifye (certified nursing assistant, CNA).
- Yon CCA dwe fini fòmasyon an e kondisyon sou evalyasyon yo pou sèvis swen ki amelyore. Sa gendwa se
 - Fini omwen 10 èdtan fòmasyon an pèsòn e yon evalyasyon sou konpetans; oubyen
 - Fè yon evalyasyon sou konpetans.

NOTE BYEN : Ou sèlman gen pou w suiv fòmasyon an e/oubyen montre konpetans ou yo pou sèvis swen amelyore yo ki presize moun manm CCM lan. Pa egzanp, si manm lan pa bezwen alimantasyon nan sonm, ou pa bezwen fini fòmasyon an e/oubyen prezante yon konpetans nan alimantasyon nan sonm.

- Yon evalyasyon swen amelyore apre 12 mwa dwe fèt pa yon enfimiyè pou tout CCA yo. Evalyasyon swen amelyore yo ap fèt chak lane. Evalyasyon an ap revize sèvis swen ki presi pou manm lan CCA a founi. Evalyasyon sou nouvo fòmasyon ak konpetans ap fèt jan sa nesèsè.

9. Kòman èdtan CCA yo otorize?

CCM pral fè yon evalyasyon pou l detèmine kantite èdtan CCA ki medikalman nesèsè manm CCM lan ka resevwa. Poutèt plizyè sèvis CCA gendwa tonbe menm kote ak, e an doub ak, lòt sèvis manm lan resevwa (pa egzanp, sèvis PCA, HHA, e CSN), manadjè klinik CCM lan ap travay ak manm lan pou idantifye ki sèvis yo ta renmen pèfòme pa ki wòl. Pa egzanp, toude PCA e CCA ka fè aktivite lavi kotidyen (ADL). Si manm lan gen sèvis PCA e ta renmen ajoute sèvis CCA, manadjè klinik la ap travay avèk manm lan oubyen ak fanmi l pou detèmine ki ADL manm lan ta renmen PCA a founi e kilès manm lan ta renmen pou CCA a founi.

10. Èske è CCA yo ka chanje si yon manm gen yon chanjman nan orè swen enfimiyè oubyen PCA li yo?

Yon manm gendwa ka chanje èdtan soti nan yon kalite sèvis ale nan yon lòt si sèvis li vle a apwopriye pou kalite sèvis la, e li pa yon sèvis doub.

Egzanp 1: Founisè swen enfimiyè oubyen PCA yon manm gen yon chanjman nan orè k ap aji sou sèvis manm lan. (Sa gendwa se poutèt yon depa nan yon ajans, vakans ki te prevwa, yon absans ki pa t prevwa oubyen yon maladi.) Fanmi an vle ogmante kantite èdtan CCA manm lan ka resevwa. Manm lan ka sèlman ogmante kantite èdtan li gen pou sèvis yon CCA ka founi. Ki vle di se pa tout èdtan CSN li yo k ap transfere an dirèk bay CCA. Sèl swen avanse manm lan bezwen gendwa chanje soti nan otorizasyon CSN lan ale nan otorizasyon CCA a pou dire tan ki mande a.

Egzanp 2: Yon manm swete deplase administrasyon medikaman soti nan èdtan PCA li yo pou ale nan èdtan CCA li yo. PCA pèmèt pou administre medikaman sou direksyon manm lan oubyen sibstiti manm lan, men pa CCA yo. Manm lan pa ka transfere èdtan li yo pou administre medikaman soti nan PCA pou ale nan CCA paske CCA pa ka fè sèvis sa a.

Pou transfere èdtan soti nan yon sèvis ale nan yon lòt, otorizasyon alavans (PA) pou toude sèvis yo dwe modifiye. Manm lan dwe toujou gen ase sèvis ki aplikab nan chak otorizasyon pou l kontinye admisib. Pa egzanp, pou admisib pou sèvis PCA, otorizasyon PCA a dwe gen ladan omwen de aktivite pou lavi kotidyen (activities of daily living, ADL). Si manm lan vle deplase yon ADL soti nan otorizasyon PCA pa li a ale nan otorizasyon CCA pa li a, se pou l asire li toujou gen omwen de ADL nan otorizasyon PCA li a pou l kontinye resevwa sèvis.

Pou ajiste yon PA, manm lan oswa fanmi l dwe pran kontak ak ajans CSN lan. Manm lan, fanmi l, e ajans CSN lan ap pale sou chanjman an e tout enpak sou plan swen manm lan genyen, e kolabore ak lòt antite sèvis jan sa nesèsè (tèlke PCM pou sèvis PCA).

CCM ap ajiste PA yo ak evalyasyon ki apwopriye pou sèvis konsène yo. Y ap asire pa gen sèvis an doub e manm lan rete admisib pou chak sèvis poutèt chanjman an. Ajisteman PA a gendwa pran jiska 14 jou. PA ki ajiste yo pou sèvis CCA e CSN ka gen yon dat retworaktif pou tenikont moman chanjman an fèt. Ajisteman sa a ka retworaktif nan dat chanjman reyèl la, pou asire pa gen enteripsyon nan fakti oubyen nan swen. Pou sèvis PCA yo, ajisteman PA a pa gen dat retworaktif. Siyati yon doktè obligatwa tou nan kèk sikonstans, alò pwosesis sa a gendwa pran plis tan.

11. Èske CCA yo ka akonpaye yon manm CCM nan lopital?

MassHealth ka ranbouse yon CCA pou sèvis ki te medikalman nesè jiskaske manm lan vin anba swen anplwaye lopital la. MassHealth pa ka ranbouse pou sèvis CCA pandan yon manm entène oubyen anba swen lopital la. Sa reprezante yon sèvis an doub.

12. Ki kondisyon pou sa ki konsène sipèvizyon pou CCA yo?

CCA yo ap sipèvize nan de fòm.

1. Chak 14 jou, yon enfimye yon ajans ap founi sipèvizyon an pèsòn oubyen vityèl. CCA a pa bezwen prezan pou sipèvizyon sa a.
2. Yon enfimye yon ajans ap founi sipèvizyon an pèsòn chak 60 jou pandan CCA a ap okipe manm lan.

Vizit sipèvizyon an pèsòn 60 jou a ka fèt nan menm lè ak vizit sipèvizyon 14 jou a. Si manm CCM lan resevwa sèvis CSN tou nan menm ajans ki angaje CCA a, vizit sipèvizyon 14 jou a e vizit sipèvizyon 60 jou a ka fèt ansanm ak yon relèv travay yon enfimye CSN. Okenn nan vizit sa yo ap itilize è CSN ki otorize pou manm lan.

Kondisyon pou sipèvizyon sa yo menm ak kondisyon HHA yo. Kondisyon sa yo tabli pa Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS).

13. Konbyen yon CCA ap resevwa? Èske tout ajans yo ap peye menm montan an?

MassHealth ap ranbouse ajans CSN yo pou sèvis CCA nan to ki make nan 101 CMR 361.00. Se \$11.25/15 minit inite depi le 1ye jiyè 2023. MassHealth egzije pou gen yon repèkisyon salè nan 65%. Sa vle di omwen 65% nan to ki te tabli nan 101 CMR 361.00 dwe ale bay CCA a pou sèvis ki founi yo. Sa vin egal ak yon salè brit ki 29.25 pa è.

Salè brit la ap gen dediksyon taks e dediksyon tout kontribisyon anplwaye a chwazi oubyen dediksyon nan salè li a, tèlke dediksyon pou 401(k).

Repèkisyon salè 65% an fikse yon salè minimòm brit ajans yo dwe peye. Ajans yo gendwa chwazi peye plis pase tarif sa a. Tarif sa a ap revize chak dezan e gendwa chanje apati modifikasyon nan tarif nan règleman ki nan 101 CMR 361.00.

14. Èske edan famiyal angaje kòm CCA dwe bay dokimantasyon pou èdtan CCA ki founi?

Wi. Tout sèvis MassHealth dwe gen dokimantasyon sou sèvis ki founi yo. Ajans CSN yo ap gen pwòp modèl dokiman pa yo pou CCA ki pou ranpli. Nou pale sou kòmanse yon lis pou make swen yo defason pou asire pwosesis sa a pi fasil pou fanmi yo. Toutfwa, sa depan de chak ajans. Se ajans yo ki responsab pou yo soumèt dokimantasyon bay CCM pou evalyasyon oubyen reevalyasyon CCA yon manm.

15. Èske m ka benefisye toude sèvis CCA e sèvis PCA yo?

Wi, depi w

- satisfè kritè ki medikalman nesese pou toude sèvis yo
 - Pou PCA: se pou w bezwen soutyen avèk omwen de ADL
 - Pou CCA: se pou w bezwen plis pase dezè sèvis CSN pa jou e se pou w bezwen swen yon CCA ka founi an sekirite
- pa gen sèvis an doub

Si w ta renmen resevwa toude sèvis yo, responsab klinik CCM lan ap travay ak ou pou l idantifye ki sèvis admisib ou ta renmen yon CCA founi e ki sèvis admisib ou ta renmen yon PCA founi. Konnen tanpri: si w gen yon CCA ki founi soutyen ADL, se pou w gen omwen de ADL ki founi delapa PCA a pou w satisfè kritè nesese medikal yo pou toude.